

ANALISIS HASIL DIAJAR SISWA NGAGUNAKEUN MÉTODE *ROLE PLAYING* SAKOLAH DASAR

Eya Suzelta
Universitas Pasundan

ABSTRAK

Ieu panalungtikan Miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun konsép pembelajaran ditingkat Sakola Dasar ngagunakeun métode *role playing*, ieu métode dilarapkeun di Sakola Dasar pikeun ngaronjatkeun hasil diajar, jeung pikeun ngadéskripsikeun hubungan dilarapkeunana métode *role playing* kana hasil diajar siswa di tingkat Sakola Dasar.

Métode anu dipaké dina ieu kajian ngagunakeun métode atawa *pendekatan* kapustakaan (*Library research*). Ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara nelaah jeung ngaéksplorasi sababaraha jurnal, buku, jeung dokumén-dokumén (boh cetak boh élektronik) sarta sumber-sumber data jeung informasi séjén anu dianggap saluyu kana ieu panalungtikan. Data-data ieu panalungtikan dimeunangkeun ngaliwatan sababaraha sumber diantaranya mangrupa jurnal, buku-buku, artikél, catétan-caétan, majalah, dokumén jeung sumber séjén anu patali jeung jejer anu dibahas.

Dumasar hasil analisis anu geus dilakukeun ku panalungtik ngarangkum ngeunaan définisi métode *Role Playing*, karakteristik métode *Role Playing*, kahéngkérana sarta kaonjongan métode *Role Playing*. Dina ieu panalungtikan ogé dibahas ngeunaan léngkah-léngkah dilarapkeunna métode *Role Playing* tina sababaraha sumber. Sarta tina 13 artikél wajib sarta sababaraha panalungtikan pangrojong sakabéhna nuduhkeun yén dilarapkeunna ieu kajian métode *Role Playing* méré pangaruh anu signifikan dina ngaronjatkeun hasil diajar siswa. Salian ti éta ieu métode ogé bisa diandelkeun pikeun ngaronjatkeun aktifitas salila kagiatan pembelajaran.

Kecap pamageh: Role playing, Hasil diajar